

# 1 fevriye

**Yo te maltrete l, men li menm, se bese li bese tèt li ase. Tankou yon ti mouton y ap mennen labatwa, li pat janm louvri bouch li di krik. Wi, tankou yon manman mouton ki pa di krik pandan y ap taye lenn sou do l, li pa t janm louvri bouch li di anyen.**

Ezayi 53. 7

## **Silans Jezi a (2)**

Nan moman pwosè Jezi a, moun ki konnen ekriti sakre yo – se sa ki te rive chèf relijye yo ki te lakòz lanmò li a – yo ta dwe sonje pwofesi sa ki pale de Sèvitè Letènèl la nan vèsè jodi a.

Moun ki ekri Sòm sa, fè gwo bri ak sa, lè li di : “Mwen menm, mwen tankou yon moun ki soudè, mwen pa tandè. Mwen tankou yon moun ki bèbè, mwen pa pale. Wi, mwen pa louvri bouch mwen reponn yo paske mwen tankou yon moun ki pa tandè sa y’ap di a” (Sòm 38. 13, 14). “M’ap fèmen bouch mwen, mwen p’ap di yon mo. Paske tou sa se travay ou” (Sòm 39. 9). Vèsè pwofetik sa yo anonse sa sovè Bondye bay lèzòm nan ta dwe pase. “Eske Kris la pa t gen pou l soufri konsa, avan li antre nan glwa li?” (Lik 24. 26). Bagay pwofèt yo te ekri sou pitit Lòm nan, yo tout ap akonpli (Lik 18. 31).

Se pasaj lekriti pwofèt Ezayi, sou silans Jezi a, ofisye pi-san Rèn peyi Letyopi a t ap li, lè Filip te vin jwenn li a. Li te eksplike l, se sou Jezi pwofèt la t ap pale (Travay 8. 32-35). Se lekti pasaj lekriti sa, ki te mennen konvèsyon ak batèm etyopyen an.

Silans Jezi a, se yon silans ki konn pale, ki vle pale avè w ankò, jounen jodi a pou mennen w nan chemen verite a ak lajwa nan Bondye.

*O Kris charite ou ki fon anpil la  
Touche epi antre nan kè nou.  
Ou mouri pou peche lemonn ;  
Se ou menm sèl ki Bondye sovè nou.*

# 1 février

**Il a été opprimé et affligé, et il n'a pas ouvert sa bouche.  
Il a été amené comme un agneau à la boucherie, et a été  
comme une brebis muette devant ceux qui la tondent ;  
et il n'a pas ouvert sa bouche.** Ésaïe 53. 7

## **Le silence de Jésus (2)**

Lors du procès de Jésus, ceux qui connaissaient les textes sacrés – ce qui était le cas des chefs religieux responsables de sa mort – auraient dû se souvenir de la prophétie relative au Serviteur de l'Éternel rappelée dans le verset du jour.

En écho, l'écrivain du psaume témoigne : “Et moi, comme un sourd, je n'entends pas, et, comme un muet, je n'ouvre pas la bouche. Je suis devenu comme un homme qui n'entend pas et dans la bouche duquel il n'y a pas de réplique” (Psaume 38. 13, 14). “Je suis resté muet, je n'ai pas ouvert la bouche, car c'est toi qui l'as fait” (Psaume 39. 9). Ces versets prophétiques annoncent ce que devait vivre le Sauveur que Dieu allait donner aux hommes. “Ne fallait-il pas que le Christ endure ces souffrances et qu'il entre dans sa gloire ?” (Luc 24. 26). Tout ce qui a été écrit par les prophètes concernant le Fils de l'homme devait s'accomplir (Luc 18. 31).

C'est le texte du prophète Ésaïe relatif à ce silence de Jésus que lisait l'intendant de la reine des Éthiopiens quand Philippe est venu le rejoindre. Il lui explique que le prophète dit cela de Jésus (Actes 8. 32-35). La lecture de ce texte est ainsi à l'origine de la conversion et du baptême de cet Éthiopien.

Silence de Jésus, mais silence éloquent, qui encore aujourd'hui veut vous parler et vous amener sur le chemin de la vérité et de la joie en Dieu.

*Ô Christ, ta charité profonde  
Touche et pénètre notre cœur.  
Tu meurs pour le péché du monde ;  
Toi seul es notre Dieu sauveur.*